

LÒT SÈVIS POU AKONPAYE TIMOUN OU AN

Lè timoun ou an vini nan lekòl la oubyen nan sant administratif komisyon eskolè a, yo pral evalye konesans li nan franse. Yo kapab evalye li tou nan matematik epi yo ka fè yon entèvyou avèk li. Yo ka envite'w vin bay enfòmasyon ki ka ede direksyon lekòl la konprann pi byen pakou eskolè timoun ou an epi wè ki sèvis li bezwen.

Evalyasyon yo pral pèmèt yo wè si timoun ou an bezwen sèvis akèy ak èd pou li aprann franse pou li ka swiv ansèyman nan lang sa a epi pase tout matyè ki nan pwogram nan. Timoun ou an pral kapab jwenn sèvis sa yo nan yon klas nòmal oubyen yon klas akèy ki espesyalize li nan entegrasyon elèv ki fenk vini yo, e sa, se ap

jiskaske li kapab swiv ansèyman an franse nan tout disiplin yo nòmalman.

Yo bay sèvis edikatif konplèmantè yo nan lekòl yo pou sipòte reyisit elèv yo epi pou akonpaye yo nan pwogrè yo ap fè nan lekòl. Sèvis sa yo se òtopedagòg yo, òtofonis yo, siko-edikatè yo oubyen sikològ yo, pa egzanp, ki kapab bay yo.

Gen lòt sèvis tou ki disponib tankou transpò pou ale lekòl selon kèk kondisyon, sèvis gadri oubyen siveyans nan lè dine a (preskolè ak primè), sèvis tretè oubyen kafeterya, eksetera. Men sèvis sa yo pa gratis. Lekòl kote timoun ou an ye a pral ba'w enfòmasyon sou sèvis li bay.

GEN SÈVIS KI LA POU OU TOU

Fòmasyon jeneral pou granmoun yo bay yon ansanm pwogram ki kapab reponn ak bezwen epi ak atant moun ki gen plis pase 16 lane yo, 30 jen nan ane ki poko fini an. Se komisyon eskolè yo ki bay fòmasyon sa a.

Sèvis an franse (fransizasyon) yo disponib nan sant edikasyon pou granmoun yo.

Pou fini, yo bay sèvis akèy yo, sèvis referans yo, sèvis konsèy ak akonpayman yo nan chak komisyon eskolè yo. Sèvis sa yo pral ede'w defini pwojè fòmasyon ki mache ak objektif pèsonèl ak pwofesyonèl ou yo.

ENFÒMASYON POU PARAN IMIGRAN YO



BYENVINI NAN KEBÈK AK NAN LEKÒL PIBLIK LANG FRANSE

Nan Kebèk, 80 % nan popilasyon an pale franse epi franse se lang ofisyèl la. Poutèt sa, timoun ou yo pral oblije ale nan yon lekòl kote yo pale franse jiskaske yo fini etid segondè yo.

Ale lekòl la gratis ak obligatwa pou tout timoun ki genyen soti 6 pou rive 16 lane. Ane lekòl la kòmanse nan fen mwa dawout la oubyen nan kòmansman mwa septanm nan epi li toujou fini anvan mwa jen an fini. Elèv yo ale lekòl pandan omwen 180 jou chak ane.

Se ministè Edikasyon ak Ansèyman siperyè a ki responsab sistèm edikasyon an. Jesyon lekòl ak òganizasyon sèvis edikatif yo nan preskolè, nan primè ak nan segondè li menm se zafè komisyon eskolè yo. Genyen 72 komisyon eskolè ki gaye sou tout teritwa Kebèk la.

NIVO ESKOLARIZASYON YO

Edikasyon preskolè (anvan 6 lane)

Yo bay timoun ki genyen 5 lane yo edikasyon preskolè (yo rele'l tou matènèl) chak jou (4 trè 15 minit pa jou soti lendi pou rive vandredi) anvan 30 septanm ane lekòl ki poko fini an. Komisyon eskolè yo bay timoun ki genyen 4 lane yo edikasyon preskolè nan kèk katye.

Edikasyon preskolè a pa obligatwa, men yo estime 98% timoun ki genyen 5 lane yo enskri ladan li. Li pèmèt timoun ki pa pale fransè yo kòmanse aprann nan lang sa a pou yo ka prepare pi byen pou antre nan primè.

Primè (soti 6 pou rive 12 lane)

Yo bay elèv ki genyen plis pase 6 lane yo ansèyman primè a pandan 5 èd tan pa jou soti lendi pou rive vandredi anvan 30 septanm ane lekòl ki poko fini an. Primè a toujou dire 6 lane.

Segondè (soti 12 pou rive 18 lane)

Yo bay elèv ki genyen ant 12 ak 18 lane yo ansèyman segondè a pandan 5 èd tan pa jou soti lendi pou rive vandredi. Segondè a toujou dire senk lane. Matyè yo enseye pandan de premye lane yo prèske menm pou tout elèv yo. Aprè de lane sa yo, yo pwopoze bay elèv yo pakou diferan an fonksyon sa ki entèrese yo ak sa yo ka fè.

ENSKRIPSYON NAN LEKÒL LA

Pou enskri timoun ou an nan lekòl la, ou dwe pale ak komisyon eskolè ki responsab lekòl nan katye yo oubyen nan vil kote w'ap viv la. Komisyon eskolè a pral ba'w enfòmasyon sou demach pou fè yo ak sou pwosesis akèy la, epi li pral ba'w kontak moun pou rele yo pou timoun ou an ka enskri pou li ka kòmanse aprann nan nouvo lekòl li a. Pou konnen non komisyon eskolè ki kote'w rete a, ou ka fè yon rechèch sou sitwèb la www.education.gouv.qc.ca. Klike sou ikòn Trouver une école, anba ribrik Actualités. Ou ka rele tou sèvis enfòmasyon jeneral ministè Edikasyon ak Ansèyman siperyè a nan nimewo gratis sa a: 1 866 747- 6626.

Yo pral mande'w kèk dokiman lè w'ap fè enskripsyon an. Fòk ou bay orijinal oubyen kopi sètifye konfòm dokiman sa yo:

- De (2) prèv ke'w genyen yon adrès fiks (egzanp bòdwo kouran, telefòn, lèt gouvènman an, kontra lwaye, eksetera.).
- Si ou rete kay moun oubyen kay yon fanmi'w, epi'w pa genyen okenn prèv adrès fiks, moun ki ba'w rete lakay li a dwe ranpli yon fòmilè epi bay de pyès ki gen adrès kay la.
- Ekstrè achiv timoun yo (ki tradwi an fransè oubyen an anglè)
- Dokiman imigrasyon ajou yo.

Dokiman sa yo, si yo la, yap kapab ede'w nan enskripsyon an:

- Paspò valid.
- Dokiman ki montre timoun yo te ale lekòl (egzanp yon kanè)
- Dosye medikal.
- Evalyasyon yon sikològ oubyen yon òtofonis fè, pa egzanp.